



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU KONFIMASYON JIJ ROWAN WILSON

"Jij Rowan Wilson se yon jiris ki trè kalifye, ki gen yon gwo sans ekite ak yon gwo angajman anvè jistis. Pandan tout manda li nan pozisyon an, li te pwouve li se yon lidè reflechi ki rekonèt pouvwa jidisyè a pou afekte lavi tout Nouyòkè yo. Anvan li te antre nan Tribinal la, Jij Wilson te gen yon karyè distenge kòm yon avoka pledan komèsyal epi li te vin premye patnè Nwa nan prestijye kabinè avoka Cravath, Swaine and Moore. Mwen konfyan ke li pral sèvi ak eksperyans sa a ak apwòch san patipri li ki te gide tan li nan Tribinal Dapèl la pandan li t ap sèvi kòm Jij Anchèf.

Mwen nonmen ak fyète Jij Wilson pou sèvi kòm Jij Anchèf nan Tribinal Dapèl Eta New York yo, epi mwen kontan poutèt konfimasyon li pa Sena a. Konfimasyon li a make tou yon etap enpòtan: premye Jij Anchèf Nwa nan Tribinal Dapèl la.

Mwen felisite Jij Wilson pou konfimasyon li epi mwen espere travay sere avèk li pou ogmante estim pi wo tribinal Eta nou an, pwoteje dwa ak sekirite Nouyòkè yo, epi asire ke yo administre jistis la."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)